

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Manusa salaku mahluk sosial, dina kahirupan sapopoéna ngayakeun interaksi jeung lingkunganana. Dina interaksina, manusa ngahasilkeun kabudayaan. Salah sahiji wujud tina hasil kabudayaan nyaéta karya sastra. Karya sastra gelar lantaran aya dorongan tina diri manusa pikeun nyumponan pangabutuh batinna.

Numutkeun Rosidi (1983: 223), sastra nyaéta kasenian anu digelarkeun ngaliwatan basa. Dina sastra nu penting lain basa anu éndah atawa carita anu ramé, tapi ajén senina.

Dina segi eusi, karya sastra umumna ngawengku ajén-ajén anu aya patalina jeung ajaran moral (étika). Ajén-ajén éta aya dina rupa-rupa aspék kahirupan, upamana waé ajén agama, norma-norma, sosial-budaya, pulitik, ékonomi jeung filsafat. Karya sastra mangrupa gambaran kahirupan manusa atawa dokumén fiksi anu bisa ngagambarkeun paripolah jelema dina ngalakonan kahirupana di masarakat dina hiji waktu.

Dina kahirupan masarakat Sunda karya sastra téh bisa ditilik tina wangun tulisan (sastra tulisan) saperti wawacan; wangun lisan (sastra lisan) saperti mantra, mitos, tembang, jeung dongéng.

Salasahiji wangun sastra Sunda lisan nu sumebar di masarakat nyaéta dongéng. Dongéng téh sok disebut ogé carita rayat (*folktale*) atawa carita balaréa. Pangna dongéng téh sok disebut karya balaréa, lantaran tara kanyahoan saha anu ngarangna tur sumebarna sacara lisan. Hartina dongéng didongéngkeun deui. Nya munasabah upama aya hiji dongéng mibanda rupa-rupa vérsi. Eusi dongéng téh umumna ngawengku atikan moral. Upamana baé jelema bener tangtu meunang pahala, jelema salah tangtu bakal meunang siksaan atawa cilaka; sangkan maksudna titekanan kudu ngagunakeun akal atawa kudu hirup sauyunan ambéh répéh-rapih.

Kiwari, jaman ditandaan ku robahna pola hirup masarakat. Ngaliwatan média-média informasi saperti radio, majalah, internét jeung média-média lianna, masarakat nyanghareupan skétsa cara hirup “*modern*”. Lain ngan saukur hiji dua sikep anu robah, pangajén naon nu hadé jeung naon nu goréng geus mimiti robah, komo nalika ningali moral mah geus teu ajeg. Aturan nu aya dimasarakat nu jaman baheula dianggap hadé jaman kiwari mah geus teu dipaké deui, sabalikna nu dianggap teu hadé dina jaman baheula, jaman kiwari kalah dilakonan ku masarakat. Cindekna dina jaman kiwari moral téh geus robah kalungguhanana. Ku kituna, perlu pisan generasi jaman kiwari wanoh jeung apal kana carita dongéng sabab dina carita dongéng pinuh ku ajén moral nu bisa dijadikeun pangajaran pikeun diterapkeun kana kahirupan sapopoé.

Nilik kana kaayaan jaman globalisasi, kiwari budaya lokal geus loba pagilinggisik jeung budaya deungeun anu datangna mahabu. Masarakat kudu ngarasa prihatin kana kaayaan dongéng nu mangrupa warisan budaya. Sabab dina

jaman ayeuna, barudak leuwih resep ningali televisi dibandingkeun jeung ngadéngékeun dongéng ti kolotna. Hal ieu nu nyababkeun barudak ayeuna teu wanoh kana dongéng-dongéng nu hirup di tatar Sunda atawa nu aya di wewengkonna.

Kabupaten Garut miboga kaayaan jeung kaéndahan alam nu masih kénéh asri, alam nu subur nepi ka lega kénéh ku pasawahan jeung kebon-kebon, dilingkung ku gunung anu nambahan kaéndahan alamna. Kahirupan masarakatna nu masih kénéh raket jeung kahirupan padésaan sarta nyekel pageuh kana tali paranti karuhunna. Sanajan kitu sawaktu-waktu bisa robah kahirupanana, robah moral masarakatna, karobah ku pangaruh kamajuan jaman jeung téhnologi. Hal ieu nu bisa nyababkeun dongéng nu aya di wewengkon Garut sawaktu-waktu bisa leungit nalika teu diwanohkeun jeung teu dimumulé ku masarakatna.

Ngaliwatan pangajaran basa Sunda di sakola-sakola nu aya di wewengkon Jawa Barat (di Tatar Sunda) hususna di Kabupatén Garut, bisa ngajadikeun ieu hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran nu ngarojong kana pangajaran sastra. Sarta disaluyukeun jeung kurikulum nu ditetepkeun ku Dinas Pendidikan Jawa Barat. Kurikulum nu digunakeun di sakola-sakola ti mimiti taun 2006 nyaéta Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP), yén dina praktékna guru dibéré kabébasan pikeun nangtukeun bahan pangajaran jeung métode pangajaran nu disaluyukeun jeung kaayaan siswa, sarana jeung prasarana nu aya di sakola. Pangajaran basa Sunda diarahkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh peserta didik sangkan bisa komunikasi ngagunakeun basa Sunda nu merenah, jeung numuwuhkeun aprésiasi kana hasil karya sastra Sunda.

Panalungtikan ngeunaan ajén moral geus aya nu nalungtik mangrupa skripsi, diantarana: skripsi Agus Suherman (1998) nu judulna “Ajén Moral dina Naskah Drama Sunda Modern karya R. Hidayat Suryalaga”, skripsi Mahyar Suryadi (2000) anu judulna “Ajén Moral dina Kumpulan Sajak Sasambat karya Yayat Hendrayana”, skripsi Muhamad Jaelani (2003) anu judulna “Ajén Moral dina Wawacan Lalampah Den Atikah”, jeung skripsi Arfan Falfariq (2008) anu judulna “Ajén Moral Guguritan dina Buku 17 Sekar Pupuh karya Godi Suwarna.”

Nepi ka ayeuna can aya anu husus medar ngeunaan ajén moral nu aya dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*. Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan dijudulan “Ajén Moral dina Buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* pikeun Bahan Pangajaran di Sakola (Ulikan Struktural-Semiotik).”

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang, masalah anu baris ditalungtik téh nyaéta ajén moral anu nyampak dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*. Ari ajén-ajén nu nyampak dina dongéng mah tangtu loba, ku kituna ieu panalungtikan diwatesanan masalahna ngan medar ajén moral nu aya dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, nu jadi pasualan dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi eusi dongéng nu aya dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*?
- 2) Ajén moral naon waé anu nyampak dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*?
- 3) Kumaha struktur *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* téh?
- 4) Unsur semiotik naon waé nu aya dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* téh?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngawanohkeun dongéng nu aya dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* pikeun bahan pangajaran di sakola, sangkan dongéng nu aya bisa terus dipikawanoh ku masarakat, boh masarakat nu aya di Kabupatén Garut atawa masarakat di luar Kabupatén Garut.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- 1) Eusi dongéng nu aya dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*;
- 2) ajén moral anu nyampak dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*;
- 3) struktur carita dongéng *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* nu ngawengku: téma, tokoh, galur, latar, amanat; jeung

4) unsur semiotik anu aya dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nyaéta sangkan dongéng nu aya bisa méré gambaran ka nu maca kumaha pentingna ajén moral dina kahirupan manusa sarta bisa nambahan pangaweruh ngeunaan dongéng nu aya dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis ieu panalungtikan nyaéta dongéng nu aya dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola. Salian ti éta, ajén moral nu aya dina dongéng bisa diajarkeun ka generasi ayeuna sangkan ajén moral nu hadé tuluy dipiara jeung diterapkeun kana kahirupan sapopoé.

#### **1.5 Raraga Nulis**

Sistematika atawa raraga nulis dina ieu panalungtikan kabagi kana lima bab, nyaéta:

##### **BAB I BUBUKA**

Bab I dina ieu tulisan mangrupa bab munggaran anu ngawengku; kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis.

## **BAB II DONGÉNG, AJÉN MORAL, PANGAJARAN, JEUNG ASUMSI DASAR**

Bab II mangrupa bab anu medar ngeunaan tiori-tiori dina ieu panalungtikan. Dina bab II dipedar leuwih jero ngeunaan; dongéng, unsur/struktur dongéng, semiotik, pamarekan sastra, ajén moral, jeung kritéria milih bahan pangajaran. Salian ti éta, dina bab II aya anu ngaranna asumsi dasar anu ngabogaan tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

## **BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Bab III mangrupa bab anu medar ngeunaan métode panalungtikan anu baris dipaké dina ieu panalungtikan. Dina bab III medar leuwih jero ngeunaan sumber data panalungtikan, kumaha léngkah-léngkah panalungtikan (desain panalungtikan), métode anu digunakeun dina panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan. Salian ti éta, bab III jadi dadasar pikeun nyusun bab IV lantaran antara bab III jeung bab IV miboga pakuat pakait anu tinangtu.

## **BAB IV DÉSKRIPSI JEUNG ANALISIS AJÉN MORAL DINA BUKU *DONGÉNG-DONGÉNG PAKIDULAN GARUT* PIKEUN BAHAN PANGAJARAN**

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun jeung nganalisis data. Dina bab IV medar ngeunaan bahan anu atah kénéh nu tuluy di analisis datana nepi ka ngahasilkeun kacindekan anu baris dipedar dina bab V.

## **BAB V KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

Bab V mangrupa bab pamungkas dina ieu panalungtikan, anu medar ngeunaan hasil tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun jeung rékoméndasi.

